ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№91 (23.749) ● 2018 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsalve.ru

ЦIыхухэм шынагъуэншагъэ къахуэзгъэпэщынырIуэху нэхъыщхьэщ

КIуэкIуэ Ю. А. хэтащ Урысейм и МЧС-мрэ къэралым и щIыналъэхэмрэ я зэдэлажьэныгъэм теухуа селектор зэIущIэм

Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхуэхэм-кIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, къэхъуа гуэзвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министр Зиничев Евгений Москва щIигъэкIащ урысейпсо селектор зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ цIыхуэм шынагъэншагъэ къахуэзгъэпэщыным хуэгъэзауэ къегъэлакIуэ IэнатIэмрэ щIыналъэхэмрэ зэрызэдэлажьэм хиубыдэ Iуэхуэхэм. ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

МИНИСТРЫМ къыхигъэщхьэхукIащ щIыуэпсым и къэхъуакъащIэхэм къадэкIуэ шынагъуэ куэд къэхуэхьэ и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыщыхъур. ХэщIыныгъэ нэхъыбэ къаХь мафIэсхэмрэ псыдзэхэмрэ. Абыхэм я зэранкIэ 2012 гъэм и закъуэ Урысей Федерацэм и щIыналъи 10-м (абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту) щIыпсэухэм ящыщу цIыху мин 42-м щIигъуи хэщIыныгъэ я гъуэтащ.

КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я шынагъуэхэм апэщIэтыныжмкIэ къэралым системэ тэмэм щызэтеуващ. Апхуэдэу щыт пэтми, жиIащ Зиничев Евгений, а IэнатIэм и лэжьыгъэр хуэунэтIын хуейщ шынагъуэхэр къэмыгъэхъуным.

Министрым къыхигъэщхьэхукIащ УФ-м и Президентым къызэригъэувам теуту къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм япэщIэтынымрэ мафIэсхэм я шынагъуэ къэмигъэхъунымкIэ дэнэ щIыпIи щIыIэ комиссэхэм я пашэу щIыналъэхэм я IэтащхьэхэР щытын зэрыхуейр. А унафэр щIадзауэ щагъэзащIэ щIыпIэхэм я лэжьэкIэм кьеГэлъаГуэ мыльКурэр ахъшэмрэ зэщIэГъуэ IуэнымкIэ, IэнатIэ псоми я зэфIэкIыр хуэунэтIынымкIэ ар сэбэпышхуэу зэрыщытыр.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуэщ1анIэ.

● Дыгъуасэ

ПсыщIэгъэлъадэм зегъэужьыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 28-м щIихэплъащ.

КЪБР-м щIымрэ мыльКурэр я IуэхуэхэмкIэ и министр **Уэщхъун Тимур** тепсэлъыхьащ «Маяк зыгъэпсэуплI» ООО-м и мылькум щIыщ къэралым пщIэншэу зэрыритым теухуауэ КЪБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. Министрым зэрыжиIамкIэ, зыгъэпсэуплIэм и Iуэхуэхэр къызэрызэригъэпэщыну ахъшэ зэрыбгъэдэмыльым къыжэкIыну, санаторэм и мылькум щыщ къэралым пщIэншэу иритыну къыхилъхьащ. Апхуэдэ унафэр къыщащтащ «Налшык зыгъэпсэуплI» АО-м и унафэщIхэм я советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм. «Зи гугъу тщIы мылькум унитI хохьэ: зым сом мелуан 33,8-рэ хуэзэу, адрейм - сом мелуан 14,8-рэ. Ахэр зыгъэпсэуплIэм иджыпстукIэ кIыгъэсэбэныркъыкIи икIи къэкIуэну зэманым абыхэм бюджетым ахъшэ къыдэзрихуэкIыну Iэмалхэм дегупсысын хуейщ», - жиIащ Уэщхъун Тимур.

Псы зыщIагъэльадэ щIыхэм ятеухуа законопроектым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм щытепсэлъыхьым, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - мэкъумэшым Iэнатlэмкlэ министр **Говоров Сергей** къыхигъэщащ а Iуэхум зегъэужьыныжмкIэ щIыIэ федеральнэ программэ хэхар подпрограммэ зэращIар, «Урысейм мэкъумэшым къыщагъэсэбэп щIыхэм псыщIэгъэльадэм зыщегъэужьыным и Iуэхуэкlэ» фIэщыгъэр зэрилнэр.

Говоровым зэрыжиIамкIэ, а программэм хьыхьэу, 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 251,3-рэ къыIэрыхьащ. Программэм хальхьа зэхъуэхьныгъэхэм я фIыгъэкIэ, мэкъумэшыщIэхэм Iэмал ягъуэтынущ трагъэкIуэдам и процент 70-м нэсымкIэ къэралым закъыщIигъэкъуэжыну. МэкъумэшыщIэхэм а ахъшэр къаIэрыхьа нэужь, илъэси 7-кIэ псы щIагъэльадэну, машинэхэр зэрагъэпэщыну, насос станцэхр ягъэлэжьэну къахуегъэуцу. Апхуэдэуи къащ1ахуа Iэмэпсымэхэм текIуадэр къагъэлъэгъуэн хуейщ. Къэпсэлъам къыхигъащащ а къалэнхэр ямыгъэзащIэмэ, ахъшэр къыIахыжын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ иджыблагъэ къызэрагъэпэща къэрал кIуэлыкъущIапIэщIэм - КЪБР-м Инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм. КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Бэлэтокъуэ Владимир** (министру хахар араш) Iэхэущ1апIэм и гъэпсыкIэм и гугъу щищIым жиIащ министерствэм и аппаратым лэжьыгъэ IэнатIэ 41-рэ зэриIэр, республикэ бюджетым къыхэкIыу маззм итыну улахуэр сом мин 241,6-рэ зэрыхъур. Министрым цIыхуиц и къуэдзэу щытыну, департаменти 2, къудамэу 9 лэжьэнущ. Апхуэдэуи министрым и дэпIыкъуэгъу къулыкъу иIэнущ. Бэлэтокъуэм къызэрыхигъэщамкIэ, и мыхьэнэкIэ апхуэдэ къулыкъущIапIэ нэгъуэщI щIыпIэ зэкIэ щыIэкъым.

ЗэIущIэм къыщащтащ «КIэрэхубжьэрыухуэр къызэрыхашым теухуауэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и энергетикэм зегъэужьыным и Iэхуэкlэ» КЪБР-м и къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм я ятеухуауэ», щIыпIэ-щIымахуэ зэрызэрыхигъэщамкIэ, и мыхьэнэкIэ гъуэзджэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм ират къэрал стипендиер 2018 гъэм зыхуэдэнум екьэлIауэ КЪБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэр. Иужьрейм теухуауэ КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ мы гъэм а къэрал стипендиер цIыху 632-м зэрыратынур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр къапщытэ



КЪБР-м и Правительствэм бадзэуэгъуэм и 24-м щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iуэхущ1апIэхэр 2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырыныжмкIэ щIыIэ комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир.

Зэхьхьэр къыщызэIуихьм министрым жиIащ республикэм и гъэзэщIакIуэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм псэупIэ-коммунальнэ комплексым и предприятэхэр къызыхуэтыншIуэу бжьыхьэ-щIымахуэ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзырыну зэракъалэныр, абыкIэ жэуаплныгъэ ин зэрахьыр.

Зэраубзыхуам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и организациехэр 2018 - 2019 бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырым и Iуэхуэкlэ» къыдигъэкIа Унафэ №65-ПП-м ипкъ иткIэ, щIыналъэм и псэупIэ фондымрэ объектхэмрэ 2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыр.

КЪБР-м и псэупIэ-коммунальнэ, гъэзэгъэнэфагъэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гъэсашэ Жамболэт** къыхигъэщащ 2018 - 2019 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм объектхэр хуабжьэ къэзыгъэпэщыным сом мелуан 577-м щIигъу зэрыхухахынур икIи зыхуеину мылъкум щIыщу процент 70-р Iуэхум зэрыхуауэнэтIар. Къэпсалъэм жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр мы зэманым гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм процент 50-кIэ зэрыхуэхьэзырыр. Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ абы ехьэлIауэ щызэфIах лэжьыгъэхэм, къаГэзэбэпа энергоресурсхэм я уасэхэр яхуэмыту щIыхуэхэр зэрызытрагъэхьам, ахэр зытрагъэкIыну къаззэрыпэщылъым, лъэпощхьэпохэр гъэзэкIуэжьым теухуауэ ирагъэкIуэкIхэм. Гъэсашэм муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацхэм я лыкIуэхэм щIэныгъэхэм я щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Джаду Мурат**, Налшык къалэ администрацым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий**, «Къэбэрдей-Балъкъэнерго» акционер Iуэхущ1апIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Егъэн Алибэч** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхьхьэр щиухым Бэлэтокъуэ Владимир зэIущIэм хэтхэм иджыри зэ пщэрыльрыщIащ къагъэльэгъуэ зэманым ирихьылIэу къалэн щащIа Iуэхугъуэхэр зэфIахыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Къэрал гулъытэ

И IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм папщIэ

Урысей Федерацэм и Президентым и хэщ1апIэу Кремлым щыIэм и пэш нэхъыщхьэхэм ящыщым - Екатерининскэ пэшым иджыблагъэ къэрал наградхэр зыхуагъэфэщащэм щратыжащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат **Быф Анатолий Жэмал и къуэм** «Хэкум и пащхьэ щIIэ фIыщIэм папщIэ» орденым етIуанэ нагъыщIэ зиIэ и медалыр а махуэм кьритащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей Владимир и къуэм.

2008 гъэ лъандэрэ къыдокI «Урысей щIэныгъэ журналым» и 59-нэ номерыр дунейм къытехьащ. Тхыдэм, гъэсэныгъэм, психологием, бзэ щIэныгъэм, хабзэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса мы къыдэкIыгъуэр иджы къызэIуехэ тхыдэ щIэныгъэхэм я тхыдэр щIэныгъэхэм я доктор, профессор Ершов Виталий публицист ХьэфIыщIэ Мухьэмэд теухуауэ игъэхьэзыра тхыгъэм: «Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я тхыдэр щIэныгъэлI, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм къызэрызэщIар».

«ТХЫГЪЭР Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIэрыIуэ тхакIуэ, щIэныгъэлI, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я тхыдэмрэ нобэрей псэуГэмрэ ехьэлIауэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуащ», - щыжиIэ Ершовым «Тхыдэмрэ политологиемрэ» зи псалъащхьэ Iыхьэм хиубыда и Iэдакъэщ1экIым.

«Дыззэрыт зэманым и нэщэнэщ Адыгэ дунейм, къэрал гуГэнапкъэхэр зэпиупщIу, дунейпсо щэнхабзэмрэ жылагъуэ гъащIэмрэ мыхьэнэщIэ езыт, Кавказ Ищхъэрэм тхыдэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр гъащIэм и Iыхьэ зыщIыж къэхъугъэу цIыхубэм я гупсысэкIэм зэрыхэувэжыр. Дунейм дахэу щызэхэуухуэна лъэпкъ щхьэхуэзэр, абыхэм я хабзэм, я диным, я бзэм игъэльэпIа Iуэхугъуэхэр гъэкIуэдыжьныр зи нэрыгъ глобализацэм гъащIэуваУэ зызыужь зэщIэхъеелныгъэу къыщIэлъытэ хъунущ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм езыхэр адрейхэм кьахэзыгъэщ нэщэнэхэмрэ тхыдэм кьыпхаха гурыщIэхэмрэ яхъумэжыну зэрыхэтыр. XXI лIэщIыгъуэм Iупщ1 пщещIыпIэ лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ теплъэкIэ зэрызэхуэмыдэр дунейм зыщIыж Iуэхугъуэу зэрыщытыр, щIэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэпсэлъэфу икIи зэгурыIуэу щытын зэрыхуейр», - жеIэ щIэныгъэлIым.

«И адэжь хэкуу щыт Кавказ Ищхъэрэм Адыгэ дунейр щызэрыбыдыжьын зэрыхуейр дызэрыт лIэщIыгъуэм Iэмалыншагъэу къеГэув. А мурадым льэIэсынымжьыджэру холэжьыхь щIэныгъэлIхэр, журналистхэр, хэкумрэ хамэ къэралхэмрэ щыщIэпэ адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, - къытрегъаз Виталий и гупсысэм. - Абы и фIыгъэкIэ адыгэ щэнхабзэм и дуней зэрыIыгъ, кавказ республикэхэм я тхыдэ щIэинхэри ди лъэпкъзгъуэхэр щыщIэ щIыналъэхэри къызэщIиубыдэу, къызэфIоувэ, бзэрэ хабзэкIэ зэмыфэгъу Кавказ Ищхъэрэмрэ ди хэкушхуэу щыт Урысеймрэ ягъэбжьыфIэу».

Профессор Ершов Виталий и тхыпIэ «Урыс дунеймрэ XX - XXI лIэщIыгъуэхэм я зэпыпIэпIэм Кавказ Ищхъэрэм иIэпхрыкIахэмрэ» («Русский мир и северокавказское зарубежье в XX - начале XXI вв.)» жыхуиIэм къыщIэупщIахэм хьыбар ядогъащIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и тхыпIэр «Адыгэ унэмрэ» «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэнымрэ зэрыщIэлъыр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр гъэкIуэдыжынымкIэ къызэрыхуэкIуэ Унафэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитет къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр гъэхьэзырынымрэ егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэриткIуэдэу.

3. КъызэгъэпэщакIуэ комитетым хуэгъэувын гъэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр зэхилъхьэну икIи ахэр къыщIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м
№75-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №75-РГ-мкIэ къыщIащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхуэхэр гъэхьэзырынымрэ ахэр егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым

хэтхэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIыр)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ)*

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ), зэгурыIуэу)*

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхь Къэбэрдей-Балъкъэр университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щраГъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iэхэущ1апIэм и ректорыр *(зэгурыIуэу)*

Амщыкъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацIэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Iэхъуэбзч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

Балъкъыз А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуэу)*

Беппаев С. У. - Балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуэу)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуэу)*

Бещтокъуэ Ж.-А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Дзэмыхь Къ. ФI. - «Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» федеральнэ щIэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ Iэхэущ1апIэм и къудамэм - Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщIыр *(зэгурыIуэу)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и хъугъуэфIыгъуэхэр къэралым ихьымэныжмкIэ управленэм и унафэщIыр

Евтушенкэ С. В. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Журавлев А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуэу)*

Зумакулов Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхуэм и хуитыныгъэхэр хъумэныжмкIэ уполномоченхъэрэм тхыдэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэр гъащIэм и Iыхьэ зыщIыж къэхъугъэу цIыхубэм я гупсысэкIэм зэрыхэувэжыр. Дунейм дахэу щызэхэуухуэна лъэпкъ щхьэхуэзэр, абыхэм я хабзэм, я диным, я бзэм игъэльэпIа Iуэхугъуэхэр гъэкIуэдыжьныр зи нэрыгъ глобализацэм гъащIэуваУэ зызыужь зэщIэхъеелныгъэу къыщIэлъытэ хъунущ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм езыхэр адрейхэм кьахэзыгъэщ нэщэнэхэмрэ тхыдэм кьыпхаха гурыщIэхэмрэ яхъумэжыну зэрыхэтыр. XXI лIэщIыгъуэм Iупщ1 пщещIыпIэ лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ теплъэкIэ зэрызэхуэмыдэр дунейм зыщIыж Iуэхугъуэу зэрыщытыр, щIэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэпсэлъэфу икIи зэгурыIуэу щытын зэрыхуейр», - жеIэ щIэныгъэлIхэр, журналистхэр, хэкумрэ хамэ къэралхэмрэ щыщIэпэ адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, - къытрегъаз Виталий и гупсысэм. - Абы и фIыгъэкIэ адыгэ щэнхабзэм и дуней зэрыIыгъ, кавказ республикэхэм я тхыдэ щIэинхэри ди лъэпкъзгъуэхэр щыщIэ щIыналъэхэри къызэщIиубыдэу, къызэфIоувэ, бзэрэ хабзэкIэ зэмыфэгъу Кавказ Ищхъэрэмрэ ди хэкушхуэу щыт Урысеймрэ ягъэбжьыфIэу».

Профессор Ершов Виталий и тхыпIэ «Урыс дунеймрэ XX - XXI лIэщIыгъуэхэм я зэпыпIэпIэм Кавказ Ищхъэрэм иIэпхрыкIахэмрэ» («Русский мир и северокавказское зарубежье в XX - начале XXI вв.)» жыхуиIэм къыщIэупщIахэм хьыбар ядогъащIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и тхыпIэр «Адыгэ унэмрэ» «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэнымрэ зэрыщIэлъыр.

ЧЭРИМ Марианнэ.

ISSN 1995-4417
РОССИЙСКИЙ НАУЧНЫЙ ЖУРНАЛ
2(59)'2018
RUSSIAN SCIENTIFIC JOURNAL
Адыгэ дунейр зэроубыдыж

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Щэкіуэныжрэ зэщакіэ псэущхьэхэр хьумэныжрэ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІынытІэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым и 24-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ипкъ иткІэ, 2018 - 2019 гъэхэм я щэкІуэгъуэ лъхьэзэнэм къащэкІунухэм я лимитыр зэгъэуІуным и Іуэхукіэ Урысей Федерацэм ЩІыуэпсым и хуэгъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м №04-15-29/15083-м щІэту игъэхьэзыра тхыгъэмрэ къэрал экологие экспертизэ егъэкІуэкІыныкІэ эксперт комиссэм игъэхьэзыра заключенэр къэщтэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІыуэпсым и хуэгъуэфІыгъуэхэмкІэ и министерствэм 2018 гъэм накъыгъэм и Іуэхукіэ унафэ №181/ОД-мрэ къэлъытауэ:

1. 2018 гъэм шыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ 2019 гъэм шыщхьэуІум и 1-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщащэкІунухэм я лимитыр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпсым и хуэгъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Шаваев И. П.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м №73-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм 20-м къыдигъэкІа унафэ №73-РГ-мкІэ къыщтащ

2018 гъэм шыщхьэуІум и 1-м щегъэжьауэ 2019 гъэм шыщхьэуІум и 1-м нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщащэкІунухэм я лимит

№№	Щыщэкіуэну щІыпІэм зэреджэр	Кавказ къурш бжэн *(зы иІуэсым щІигъу и ныбжьу)* (къащэкІуну бжыгъэр)
1.	«Налшык къурал щэкІуэнІэ-опытнэ хозяйствэм и щакІуэ участкэ №1» (Дзэлыкъуэ район)	8
2.	«Налшык къурал щэкІуэнІэ-опытнэ хозяйствэм и щакІуэ участкэ №4» (Іуащхьэмахуэ, Шэджэм районхэр)	86
3.	«Налшык къурал щэкІуэнІэ-опытнэ хозяйствэм и щакІуэ участкэ №5» (Шэрэдж район)	10
4.	«Налшык къурал щэкІуэнІэ-опытнэ хозяйствэм и щакІуэ участкэ №6» (Пэскэн, Аруан, Шэрэдж районхэр)	16
5.	Псори щыщэкІуэну хуиту Іуащхьэмахуэ районым щыІэ щэкІуэпІэхэр	4
6.	Псори щыщэкІуэну хуиту Шэджэм районым щыІэ щэкІуэпІэхэр	3
7.	Псори щыщэкІуэну хуиту Шэрэдж районым щыІэ щэкІуэпІэхэр	4
8.	Шэрэдж районым щыІэ «ИнТур» щакІуэ участкэ	15
9.	Шэрэдж районым щыІэ «Уштулу» щакІуэ участкэ	7
	Псори зэхэту къащэкІунур	153

2018 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2018 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщІа зэрыхъуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым хэпІыдауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэлъагъуэ отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетым и хэхъуэхэр сом мин 6357654,2-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ илъэс планым тещІыхьауэ процент 21-рэ, абыхэм ящыщу налогхэр сом мин 2226693,7-рэ, налогыщ щымыт хэхъуэхэр сом мин 162222,9-рэ, ямышынэжыну кьаІэрыхьа ахъшэр сом мин 3968737,6-рэ хъуэ зэрагъэзэщІар. 2018 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетым и хэщІхэр сом мин 5961293,8-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, илъэс планым тещІыхьауэ процент 19,5-рэ мэхъу. А бжыгъэхэм япкъ иткІэ отчёт лъэхъэнэм тещІыхьауэ республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам ипкъ иткІэ сом мин 396360,3-рэ кьыдэхуащ.

Абыхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

2018 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ищІа отчётыр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м №886-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щы Іыхьэхэмрэ къэрал мылъкуу щыт щы Іыхьэхэм яшыпхъу зыбгъэдэлъыр ямыубзыхуахэмрэ яхуэгъэзэ сервитут гъэувыныкІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ят уасэр зыхуэдизыр зэраубзыху Хабзэхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №139-ПП Налшык къалэ

Урысей Федерацэм ЩІыкІэ и кодексым и 39-нэ статьям и пункт 2-м и пункт къыдэзэ 2-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щы Іыхьэхэмрэ къэрал мылъкуу щыт щы Іыхьэхэм ящыщу зыбгъэдэлъыр ямыубзыхуахэмрэ яхуэгъэзэ сервитут гъэувыныкІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ят уасэр зыхуэдизыр зэраубзыху Хабзэхэр къэщтэн.

2. Мы унафэм кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ махуипщІ дэкІмэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа унафэ №139-ПП-мкІэ къыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щы Іыхьэхэмрэ къэрал мылъкуу щыт щы Іыхьэхэм ящыщу зыбгъэдэлъыр ямыубзыхуахэмрэ яхуэгъэзэ сервитут гъэувыныкІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ят уасэр зыхуэдизыр зэраубзыху Хабзэхэр

1. Мы хабзэхэм ябзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щы Іыхьэхэмрэ къэрал мылъкуу щыт щы Іыхьэхэм ящыщу зыбгъэдэлъыр ямыубзыхуахэмрэ яхуэгъэзэ сервитут гъэувыныкІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ят уасэр зыхуэдизыр зэраубзыху щыкІэр.

2. Сервитут гъэувыным техуэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ ят уасэр щы Іыхьэхэм и кадастр уасэм елъытауэ ябзыху икІи мы Хабзэхэм нэгъуэщІ кьыщымыгъэлъэгъуамэ, ар ягъэув сервитутыр щылэжьэну зэманым хиубыдэ дэтхэнэ зы илъэсми щы Іыхьэм и кадастр уасэр зыхуэдизым и процент 0,01-рэ хъуэ.

3. Мы Хабзэхэм я пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа щы Іыхьэхэм ящыщу зэпымыуэу яІыгъыну (пІалъэнэзу) ятахэм, игъащІэкІэ кьагъэсэбэпыну икІи кьыкІэлъыкІуэ щэблэхэм иратыну е бэджэнду ягуэшахэм яхуэгъэза сервитутымкІэ зэгурыІуэныгъэм и уасэр ягъэув хъунущ а щы Іыхьэм сервитутыр техуэн и пэкІэ и рыночнэ уасэу щытамэрэ иужькІэ и рыночнэ уасэ хъуамэрэ зэрызэщъыщыкІым хуэдизу икІи а зэщъыщыкІыныгъэр зыми и унафэм щІэмыт Іэщ Іагъэлъым еубзыху уасэхэр гъэувыныкІэ лэжьыгъэм теухуауэ Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткІэ.

4. Щы Іыхьэр зи мылъкуу щытым зэрызихъуэжар щхьэусыгъэхъым сервитут зэрытралъхьамкІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ мы Хабзэхэм япкъ ит ягъэува уасэхэр яхъуэжьын папщІэ.

5. Сервитутыр щІым и Іыхьэ пыухыкІам хуэгъэзамэ, сервитутыр гъэувыныкІэ зэгурыІуэныгъэм тету ят уасэр ябзыху, мы Хабзэхэм япкъ иткІэ а щІым и Іыхьэ пыухыкІам техуэм хуэдиз хъуэ.

Жылагъуэм кІуэ пэтми зижьыным хуэгъэпса социальнэ шэсыпІэхэм я лъабжьэ нэхъыщхьэщ икІи нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэхэм ящыщщ щІыхуэхэр пенсэкІэ хъэзэгъэпэщыныр, сыту жыпІэмэ абы пыщІащ мылэжьэфхэм я сабэп зыхэлъхэр. Урысейм щопсэу жьы хъуауэ, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъу, зыпІыжьынухэр зыщхьэщымытыжу щІыху мелуан 46-м нэблагъэ. Абы къыхэкІыу икъукІэ куэд зыгъэгузавэщ Урысей Федерацэм пенсэ зэрыщагъэув щІыкІэм зэхуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Іуэхур.

ЗЭРЫТЩІЭЖЩІ, а Іуэхум ехьэлІа псалъэмакъэр 90 гъэхэм кьежьауэ щытащ. А зэманым сэ республикэм лэжьыгъэмрэ щІыхуэхэм социальнэ и Іы эныкъэкІэ кьащхьэщыжьныжьмкІэ и министру сылажьэрти, си нэгу щІэкІащ властым и Іэнатіэ зэхуэмыдэхэмрэ граждан жылагъуэм и Іуэхущіапіэхэмрэ щекІуэкІа зэдауэхэр. А псалъэмакъэр зэми тІэкІу нэхъ щІэужьыкъэжьыр, ауэ иужькІэ нэхъри зэщІэпІьауэ кьрахьэжьжьыр. ЩыІэт щІыхуэ пенсэм щагъакІуэ ныбжьыр гъэІэпхъуэным и телъхьэхэри, апхуэдэ Іуэху еплъыкІэм ткІийуэ пэщІэтхэри. Ялъэхми етІуанэхэми, езыхэм кьыззралъытэмкІэ, кьахьырт я Іуэху еплъыкІэр зэрыпэжьым щыхьэт техъуэ бжьгъэхэр, щапхъэхэр. Арщхьэкіэ Іуэхури зэдзуэным фІэкІыртэкъым.

Иджы ди зэманым Урысей Федерацэм и Правительствэм Къэрал Думэм кьыщыхилъхьащ щІыхуэ и ныбжькІэ пенсэм щагъакІуэ пІалъэм хуэм-хуэмурэ хэгъэхъуэным теухуа законопроектыр. Нэлуэ зэрыхъуащи, а проектым щыхэплъащ Къэрал Думэм социальнэ Іуэхуэхэр зи нэІэ щІэт и комитетым, абы арэзы щытехъуэри, ягъэ кІэдгъэгъуэу къащтэну къыхалъхьащ. Конституцэм кьызэригъэувым тету, законопроектыр щыпІэхэм щыІэ хабзэубзыху органэхэм хуагъэхьащ икІи абыхэм я нэхъыбапІэми ар даІыгъащ, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентри яхэту. Законопроектыр илъэс 90 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и щІыхуэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, Тэрч щІыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** кьызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткъ **КІэнэтІ Лидие** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **Тау Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 26, *махуэку*

♦**Эспарантэ бзэм и махуэщ**. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысыбзэкІэ кьыщыдэкІащ эсперантэ бзэр зэрырагъэджыну ягъэ учебникыр.

♦**Урысейм щагъэлъапІэ парашютистым и махуэр**

♦**1770 гъэм**, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай эи пашэ дзэм Измаил быдапІэр кьищтащ.

♦**1805 гъэм** Везувий вулканыр кьибыргъуэкІри, Неаполь кьалэм и зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикьутащ. А гуэзвэгъуэм щІыху мин 26-м нэблагъэ зэкІуэдауэ щытащ.

♦**1946 гъэм** Москва кьыщызэІуахащ СССР-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦**1953 гъэм** Кубэм щІыхуэхэр кьыщызэрыІэтащ, Батистэ Фульхенсио кьэралым щызэрихьэ залымыгъэхэр ямыдэу. Лъэпкъ зэщІэхъеемыгъэм и пашэр зэчыл щІалэ Кастрэ Фиделт. ТекІуэныгъэр кьахьа иужькІэ ар Кубэм и унафэщІу щытащ илъэс 30-м щІигъукІэ.

♦**1957 гъэм** СССР-м дунейм щыяпэу гъэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутІыпщащ.

♦**1963 гъэм** Горький дэт автозаводым щызэпкъралъхьащ хьэлъэзешэ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр «ГАЗ-53»-р.

♦**1963 гъэм** Югославиемрэ кьалэ Скопье щІыр щыхьейри, ухуэнгъэ куэд зэтрикьутащ, щІыху миным щІигъуи зэкІуэдащ.

♦**1993 гъэм** Урысейм пщІэ щамыІэж хъуащ СССР-м кьыщыдагъэкІа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекІуэ совет ахъшэхэм я пІэ кьиуващ урысей сомыр.

♦Иджыблэ тхакІуэ, драматург, Нобель и саугъэтыр зрата **Шоу Бернард** кьызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Опрышко Олег** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Онер Четин (ГъэгулІ)** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ПІыхьжь **Іэбубэчыр Нажмудин** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и щІыхуэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, Тэрч щІыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** кьызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткъ **КІэнэтІ Лидие** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **Тау Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыгъэгугъэрэ уи дауэгъурэ.

● Щыхубэр нэхъыбэу зытепсэлъыхь Іуэху

Къэралыр шэсыпІэ щІихьэ Іуэхухэр зэрыщытауэ къигъэнэжынущ

Къэрал Думэм ящэ къеджэгъуэу кьыщтащ икІи печатым кьыдэдзэнущ щІыхуэр трагъэпсэлъыхьын папщІэ. Щэч хэмылъу, щІыху псоми ар зэхуэдэу кьащыхъунукъым. Ауэ ныбжь кьэзыгъэщІа, куэди зыльэгъуа сэ жысІэфхэмрэ Правительствэм кьыхилъхьар щІыхуэр кьыщІыхуэшхыдэн Іуэхуу зэрыщытыр, ауэ ар Іэмалыншагъэм кьыхихауэ аращ. Дэ кьызэрытлъытэмкІи, абы и лъабжьэр кьэралым щыщІэ хъуа социально-экономикэ щытыкІэр кууэ зэраджарщ, апхуэдэуи щІыху лажьэхэмрэ пенсэ ныбжьым итхэмрэ я бжыгъэр кІуэ пэтми нэхъ зэпэгъунэгъу зэрыхъурщ.

Дэ, щІыхуэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжхэм, гу зылъытэраци, кьэралым пщэрылъ зыщІыж пенсэ ныбжьым нэсахэмрэ пенсэ щыхэмрэ социальнэ и лъэныкъуэкІэ яІэу щыта щэсыпІэ псори кьахуигъэнэжыну, къимыдэкІэ, лэжьапІэншагъэр гъэмэщІэным хуэгъэза хэкІыпІэхэр къилъыхьэнущ, экономикэр щІэуфаэу щытыным нэхъри ткІийуэ пащІэтынущ, щІыхур Іэнатіэ зэрыІутыр ябзыщу абы щхьэу улахуэ зэрыратыр кьимыгъэхъуным яужь итынущ. Апхуэдэуи мы Іуэхум икъукІэ кьыщыщхьэпэнут, я ныбжьыр пенсэ кІуэгъуэ хъуами, абыхэм а пІалъэр хуагъэІэпхъуэну езыхэр щІэлъэІун хуэдэу Іуэхур зэтеубла хъуамэ, щІыхухэм Іэнатіэ езытхэм зи ныбжьыр пенсэ кІуэгъуэм нэблагъэхэр лэжьапІэ кьащтэным я фейдэ зэрыхэлъыхьэкъ ящызыщІ Іэмал гуэрхэри кьэгупсысамэ. Къэралым апхуэдэуи и кьалэнщ и щІыхуэм социальнэ, медицинэ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэкэр яхуэщІэныр егъэфІэкІуэным гулыитэ хуищІыну, нэгъуэщІу жыпІэмэ, «дыжьын ныбжьым» нэсахэм я псэукІэр тынш ящыщІыныным хуэгъэза Іуэхуэгъуэхэр зэфІигъэкІыну.

Жьы хъуа щІыхур псэун папщІэ зэрикъун пенсэ тэмэм абы хуэгъэувынырэ ящыщщ социально-экономикэ хуитыныгъэхэм икІи Урысей Федерацэм, социальнэ къэралыгъуэ зэфІэзыгъэувэм, и кьалэнщ ахэр ипэжьпІэкІэ кьыззригъэпэщыну.

ЗУМАКУЛОВ Борис,
ЩІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ, профессор.

● Пенсэ фондым къет

ПщІы зэфэзэщ

Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэр егъэпІейтей мы-къэрал пенсэ фондэхэм (НПФ) ящыщ зым и лЫкІуэм и жэрдэмкІэ республикэм и лэжьапІэ нэхъ инхэм зэІущІэ зэрыщрагъэкІуэкІым. Абыхэм щІыхуэхэм я фІэщ ящІ я мылъкур икІэщыпІэкІэ НПФ-м ирагъэхьын хуейуэ, УФ-м и Пенсэ фондри а Іуэхум арэзы техъуэ хуэдэу жаІэ. Ар пщІы зэфэзэщщ.

Щ Іыхуэхэм Іэмал имыІэу ящІэн хуейщ Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм апхуэдэ Іуэху зэрызэрамыхуэр, щІыхуэхэм я СНИЛС-хэр кьапщытэныр хабзэм кьызэрыщымыгъэлъэгъуар.

Щхьэхуэу кьыхэдгъэщынщи, мыкъэрал пенсэ фондым е управляющэ компанием щІыхуэм зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІэнэр зыми кьаІэн кьыщицІыркъым, абы езыр хуитыжщ.

Пщ І э зыхуэтщІ щІыхуэхэ! ДыныволъэІу къывжаІэм фегупсысыну, ахъшэр нэгъуэщІ фондым евгъэхьын ипэ псори зэпэфлъэтыну. Абы фытегушхуэн ипэкІэ Урысейм и Пенсэ фондым и къэрал Іуэхущ Іапі э фыгъэнджащэ хъунущ. Телефонхэр: 8(8662) 42-48-39 е Къудамэмиищ ы ныпІэ Іэнатіэхэм я клиент Іуэхущ Іапі эхэм (http://www.pfrf.ru/branches/kbr/contacts/).

НПФ-хэм я лЫкІуэхэм фыкъагъапцІу ЩІыфщыхъумэ, зыхуэвгъаэз хабзэхъумэ органхэмрэ Урысей Федерацэм и Центральнэ банкым и интернет-приемнэмрэ.

Урысейм и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и прокуратурэм

Сом мелардрэ мелуан 300-рэ хуэдиз

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лавершин Ю. Іэ тридзащ жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь обществэхэм ящыщ зым и бухгалтер нэхъыщхьэр, 1962 гъэм къалъхуа цІыхубзыр, зэрагъэкъуанш э тхылъым.

АР ЖЭУАПЫМ ирашалІэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и «а», «б» пунктхэмкІэ (цІыху гуп зэгурыІуэу ахъшэ шхыпІ щІэ зытехуэ налогхэр ятыным зыпІуадзыныр).

Хабзэхъумэхэм зэрыжаІэмкІэ, Іуэхущ Іапі э и унафэщІ нэхъыщхьэмрэ езымрэ зэрызэгурыІуам тету 2014 гъэм и гъатхэпэм кьыщыщІэдзауэ 2016 гъэм и жэпуэгъуэ кьасыху бзаджэщІэм тхылъ нэпцІхэмкІэ псори зэхэту налог зэмылІэужьыгъуэхэу сом мелардрэ мелуан 300-м нэблагъэ обществэм щхьэщихащ.

УнафэщІ нэхъыщхьэр дуней псом кьыщалъхьэрэ.

Иджы уголовнэ Іуэхум Налшык къалэ судым щыкІэпІэнущ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Мы махуэхэм

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Биц Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ щыта **Къардэн Алик** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Іэщ ын Руслан** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 27, *мэрем*

♦**Вьетнамым щагъэлъапІэ къэралым и щхьэхуитыныгъэм щІэбэнурэ зэкІуэдахэм я фэепль махуэр**

♦1841 гъэм Пятигорск пэмыкъжьэу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаукІащ урыс усакІуэ, тхакІуэ щэджащэ Лермонтов Михаил.

♦**1922 гъэм** Адыгей автономнэ областыр кьызэралъхурэ.

♦**1941 гъэм** Симонов Константин Москва щитхащ «Жди меня» зыфІищащ усэр. Зауэ зэманым ятхахэм я нэхъ щІэрыІуэ дыдэ хъуахэм ящыщщ а усэр.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм хуит къащІыжащ Львов къалэр.

♦**1952 гъэм** Индыл-Тэн кІэнауэр кьызэІуахащ.

♦**1961 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер кьызэІуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.

♦**1985 гъэм** Москва кьыщызэІуахащ ЩІалэгъуалэмрэ ехьэлІауэ щІэныгъэм и Іуэхуэм и Іэщ Іонэ фестивалыр. Ар щыщхьэІуІум и 3 пщІондэ екІуэкІащ.

♦**1990 гъэм** Белоруссэ ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ я къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кьулыкъур.

♦**2012 гъэм** Иджыблэм и кьалащхьэ Лондон кьыщызэІуахащ XXX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр екІуэкІащ бадзэуэгъуэм и 27 - щыщхьэуІум и 12-хэм.

♦Адыгей усакІуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ПІыхьжь **Іэбубэчыр Нажмудин** кьызэралъхурэ

Бадзэуэгъуэм и 26, *махуэку*

♦**Эспарантэ бзэм и махуэщ**. 1887 гъэм Варшавэ (Польшэ) урысыбзэкІэ кьыщыдэкІащ эсперантэ бзэр зэрырагъэджыну ягъэ учебникыр.

♦**Урысейм щагъэлъапІэ парашютистым и махуэр**

♦**1770 гъэм**, Урыс-Тырку зауэм и зэманым, генерал Репнин Николай эи пашэ дзэм Измаил быдапІэр кьищтащ.

♦**1805 гъэм** Везувий вулканыр кьибыргъуэкІри, Неаполь кьалэм и зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр зэтрикьутащ. А гуэзвэгъуэм щІыху мин 26-м нэблагъэ зэкІуэдауэ щытащ.

♦**1946 гъэм** Москва кьыщызэІуахащ СССР-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознак управленэм и типографиер. Иджыпсту ар УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и Гознакым и типографиерщ, урысей ахъшэхэр щытрадзэрщ.

♦**1953 гъэм** Кубэм щІыхуэхэр кьыщызэрыІэтащ, Батистэ Фульхенсио кьэралым щызэрихьэ залымыгъэхэр ямыдэу. Лъэпкъ зэщІэхъеемыгъэм и пашэр зэчыл щІалэ Кастрэ Фиделт. ТекІуэныгъэр кьахьа иужькІэ ар Кубэм и унафэщІу щытащ илъэс 30-м щІигъукІэ.

♦**1957 гъэм** СССР-м дунейм щыяпэу гъэгуанэшхуэ зэпызычыф баллистическэ ракетэр иутІыпщащ.

♦**1963 гъэм** Горький дэт автозаводым щызэпкъралъхьащ хьэлъэзешэ автомобиль лІэужьыгъуэщІэр «ГАЗ-53»-р.

♦**1963 гъэм** Югославиемрэ кьалэ Скопье щІыр щыхьейри, ухуэнгъэ куэд зэтрикьутащ, щІыху миным щІигъуи зэкІуэдащ.

♦**1993 гъэм** Урысейм пщІэ щамыІэж хъуащ СССР-м кьыщыдагъэкІа ахъшэхэм. 1961 - 1992 гъэхэм зекІуэ совет ахъшэхэм я пІэ кьиуващ урысей сомыр.

♦Иджыблэ тхакІуэ, драматург, Нобель и саугъэтыр зрата **Шоу Бернард** кьызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, тхыдэдж-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Опрышко Олег** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Тыркум щыщ актёр, сценарист, тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Онер Четин (Гъэгулі)** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** кьызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ПІыхьжь **Іэбубэчыр Нажмудин** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и щІыхуэ тхакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, Тэрч щІыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** кьызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткъ **КІэнэтІ Лидие** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Адыгэ усакІуэ, тхакІуэ **Тау Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхьэнущ.

● Гуфіэгъуэ зэхьхьэхэр

Индие щэнхабзэм и хэщІапІэ

КьрихьэлІахэм я нэгум гуфІэгъуэр къищу. Іэтауэ иджыблагъэ ягъэлъапІащ Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Индие щэнхабзэм и центр (хэщІапІэ) къызэрыщызэІуахыр.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІкэр, КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, Индием къикІауэ абы щІэсхэр. А къэралым и хабзэм тету, хьэщІэ лъапІэхэм «мала» удз гъэгъа зэхэуухуэнар иратырт, я натІэхэм «тика» жьыуаІэр - ехъулІэныгъэмрэ насыпымрэ я дамыгъэу кьалъытэ Іэпапіэ плъыжьыр - хутрагъуэрт. Апхуэдэуи индусхэм я нэгъуэщІ хабзэ гъэщІагъэнэхэми щыгъуазэ ящІащ. Псалъэм папщІэ, прунж, пшахъуэ щхьэхІэплъыкІэхэм, хьэжьигъэм, удз гъэгъа зэмыфэгъуэхэм кьыхащІыкІат тхьапхъэщІыпхъэ телъыджэхэр.

Алтъуд Юрий Индие щэнхабзэм и центрым зиужьыну, студентхэм я гурылъхэр кьайхъупІэну, щІэныгъэфІ зрагъэгъэту Іэщ Іагъэлі лъэрызехьэ хъуауэ я хэкум ягъэзэжьыну ехъуэхъуащ. «Си гугъэщ Кавказым и щІыуэпс дахэ зыхуэбгъадэ хъун щымыІэри, Налшык кьалэри, КъБКъУ-ри игъащІэкІэ фщІымыгъупщэну икІи мыбы фыщІыщдежа илъэсхэр щІэжщІэхьуныр фигу кьэвгъэкІыжьыну», - жиІащ ректорым.

КъБКъУ-м Индием къикІа студент 200-м щІигъу щоджэри, абыхэм я нэхъыбапІэр медицинэ факультетым щІэсщ. Я егъэджакІуэхэмрэ ахэр зи нэІэ щІэт кураторхэмрэ я фІыгъэкІэ, ныбжьыщІэхэр еджыними ди псоукІэми хэзэгъэуэ жыпІэ хъунущ, иджы ди лъэп

ПЛЪЫФЭ ТЕЛЪЫДЖЭХЭР,

е Уафэхъуэпскlыу гурыщlэр къэзыгъэушу щыта Жэмыфэ Виктор

Кавказым и художник нэхъыфlхэм ящыщ зыт Жэмыфэ (Чемсо) Виктор Мусэ и къуэр (1933 - 1996 гъгъ.).



ИЛЪЭС 30 и пэкlэ Жэмыфэ Виктор и еплъыныгъэ Ставрополь къыщызэlуахати, художник Пащты Германрэ сэрэ гъэзэу дытохьэ. Сурэтыщlыр зыхуэлажьэ цlыхухэми гъуазджэм и лэжьакlуэхэми Жэмыфэм и lэдакъэщlэкlхэр къаззрыщыхъур зэдгъэщlэным тlуми ди нэ къыхуикlырт. Сыту жыпlэмэ, урохьэлlэ художникыр цlыхухэм япыщlауэ щытын хэмейуэ зэхъыпльытэхэм. Дэ абыкlэ дыарэзытэкъым: ущlэтхэм укъыщыгурымыlуэкlэ ущlэтхэм щыlэкъым. Къимыдакlэ, гъуазджэм фыщцу хэзымыщlыкlхэм, нэхъ тэмэмыр къалъагъуфу жызыlэхэм, апхуэдэ lуэху епльыкlэм тезыгъэчыныхьхэм, загъэlэзащэу «пэжым и нэр щращl» щыlэщ. Языныкъуэхэм деж щыху къызэрыгуэкlэжьмэ нэхъ щlэх къапхъуэтэ сурэтыщlыр зыгъэпlейтейр, абы жиlэну зыхуеяр, и зэфlэкlыр зэриуагъэщlыну щыкlэр.

Ар зэрыпэжыр дэ щыдгъэунэхуащ Жэмыфэ Виктор и выставкэм: зи ныбжькlи, зи lуэхущlафэкlи щыхуэмыдэ lыхукъм деуэршэрылlащ, ялъэгъуа суратхэм тедгъэпсэлъыхьащ.

Адыгэ щlалэм и lэдакъэщlэкlхэм еплъаехэр апхуэдизкlэ къэдти, къаззрыщыхъуар иратхэу Ставрополь музейм щlэлъ тхылъ lувищым ихуа къудейт. Сурэтхэм я нэхъыбэр цlыху нэ жаным, псэ къабзэм и гуэлъ мафlэмкlэ гъэнщlат, абыхэм узыlэпашэт, нэхунэ телъыджэкlэ къаГъэльпдауэ къыпщыхьуат.

Ар дунейм и щытыкlэ е цlыхум и теплъэ ирехъу - художникыр дзэзыхьэхам, фlэгъэщlэгъуэным уафэхъуэпскl мафlэу гурыщlэ нэхунэр къыхуегъэуцу. Абы щыгъуэщ сурэт щищlыр. Апхуэдэ дакъикъэхэм деж художникым хуэзфlэмыкlыкlи щымыlэу зыкъыщюхьуж икlи зыхуеижьа лжьыгъэр иухыху тепльэ иlэкъым. Аращ Жэмыфэ Виктор и теплъэгъуэхэр гъащlэм и пэжымкlэ щlэуэзащlэр, щlэкупщlафlэр.

Сурэтыщlыр щlыхьэм я гум кьипсэлъыкlыр зыщlыр сыт? Сызэрепльымкlэ, ар бэм я псэм щыщlэм зэрыщыгъуаэзрщ, цlыхум гурыфlыгъуэ езытыфыну плъыфэхэр кьызэрихутэфырщ.

«Цlыху нэсу, художник Iэзэу укъызэгъунэхуаци, икъукlэ сыпхуэзарэзыц. Плъыфэхэм я пщынальэ телъыджэу, уэрэд дахащэу зэхэлъу уи Iэрытх хэр... Упсэу бжьызэ, гухэхъуэ къызэптащи», - жриlащ сурэтыщlым Пащты Герман.

Болгарием къикlа турист гупми мыпхуэдэу зыкъыхуагъаззу тхылъым итт: «Уи сурэтхэм щынэрылъагъущ щэхабзэ лъагэ зыбгъэдэлъу узэрыщытыр».

ВИКТОР и зэфlэкlым сыт къежьапlэ хуэхъуар? Абы жэуап етыжьыгъафlэкlым, сыту жыпlэмэ Iэзагъыр Iэхъугъуэ куэду зэхъэлащ. Ауэ псом япэу абы къежьапlэ хуохъу художникыр сурэт щыным зэрыхуэгурыхуэр, и лъахэм хуиlэ фlыпльыныгъэр зэи зэрымыжьыхьыр, гъащlэр и щlэщыгъуэу, абы дзрэжэгъуэ къриту зэрыщытыр. Шэч хэлъкъым Жэмыфэм и псэуКлами къэхъукlами куэд елъытауэ зэрыщытам.

Ар Адыгеми и курыкупсэм щыlэ Нэтрыбэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэр юристт, жеящlэу, Мейкъуапэ тхылъ тедзапlэм и редакторыр лэжьащ. Жэмыфэ Мусэ адыгэбзэкlэ зэридзэкlащ «Интернационалыр», Грибоедовым и «Акъылым къыхэкl насыпныншагъэ» комедиер, нэгъуэщl куэди.

Виктор сурэтыщlкъыхьынымкlэ сэбэн хуащу и адажь щынальэм и дахагъыр. Жэмыфэр цуней телъыджэм хуэусэ сурэтыщlт, щыхумрэ щыlыльэмрэ зэхуаlэ зэпыщlэныгъэр къэзыгъэльэгъуэфт. Абы гъащlэм и екlуэкlыкlэр, зэманым къигъэув кьалэнэхэр тэмэму къыгурыlуэрт, и нэм къыlуидзэр, пэжыр и гъуаззу, гупсысэ куукlэ иузэщlырт. Апхуэдэ гъуазджэкъэ дэ дызыхуейр?

Ялъ адыгэ тхакlуэ, Пушкин Александр и цlыхугъэфl Къазджэрий Султlан зэритхащи, «зэпэдмыщlыжу дунейм и щытыкlэр къэдгъэльэгъуэфу» щытын хуейц. Хэкум и дахагъыр гурэ псэкlэ зыгъафlэ сурэтыщlым плъыфэ хьэпэмэтхэр къыгъэуцуати, дунейм и теплъэгъуэ телъыджэхэр нэгум къыщlигъэувэрт, фlым дыхуигъэхъуапсэу, гурыщlэ нэхуэр ди гум къыщигъэуцу.

Жэмыфэм дагъэкlэ ищl лжьыгъэхэр (живопись) къаззрыщыхьым тетхъыхьащ критик, искусствовед, художник цlэрыlуэхэр. Урыс къэрал музейм нобэрей гъуэдзджэр къэхутэнымкlэ и къудамэм и унафэщl Боровский Александр жеlэ: «Жэмыфэ Виктор и гуащlэр щыхьэт тохъуэ сурэтыщlым и лжьыгъэхэм хуэфащэ гулъытэ зэрагъуэтым».

Адыгэ щlалэм ищlауэ Урыс къэрал музейм, УФ-м щэнхабзэмкlэ и министерствамрэ Художникхэм я союзымрэ зэхэту сурэт 51-рэ къащхэкуащ.

Петров-Водкин, Дейнекэ сымэ хуэдэу, Жэмыфэр дихьахыу щытащ теплъэ зиlэ сурэтхэр щыным. Ахэр зытеухъащ гурыlуэгъуафlэу, нэlурытхэу, плъыфэхэр я мащlэрэ гупсысэр ебжкlыу щытын хуейт. Ауэ сурэтыщlэ lэзэр, и зэфlэкlым хэхъуэрэ, 70 гъэхэм и lыхьатым и бзэм» хуэмеиж мэхъу. Пейзажхэм, натюрморт хэм зрет, Хэку зауэшхэм совет цlыхухэм щыззрахьа лъыхъужьыгъэр къегъэльагъэ.

Хэкур зыхъумэхэр зыгъэдзыжьащ Жэмыфэ къегъэльагъэ. Ялъ зэрыщыхьуар къегъэльагъэ. Цlыхубэ» зыфlица гъажьыгъэм. Мыбы плъыфэхэр щыззэщlожьыуэ, зэманыр бзаджэу зэрыщытар ягъэбелджьыны.

«Мылыр мэкъутэ. 1943 гъэ» сурэтри зауэ темэм пызыщlэщ. Блокадэм и мылыр гъатхэм икъутащ. Нэри пэри ихьу псышхуэ къыззэщыуар - дяпэкlэ зауэм къыщыхъуну зэхъуэкlыныгъэфхэрщ. Кlэи пэи имылэу къыпщохьу гъэр ящlа бий зауэлlхэм я сатыр кlыхьым. Къалэшхуэ зэхэкъутам, исэхжам къыщынаlуэ а цlыху цlыкlухэр, псэр щыщlэхьашэу, гущlыкlыгъэщ. Дунейкъутэжьи ирагъэкlыжьу. Дунейкъутэжьи зыщlэ. Ауэ щlэхьэ зэхащlыхьам зэрытекlуэджьыр, я lуэхущlафэм и гъэр зэрыхъужьыр Жэмыфэм lэзэу къингъэльэгъуащ. Псом хуэмыдэу абы къехъулlащ «Сэлэтхэр», «Цlыхум зыри щlагъупщэркъым», «Си адэм и фэеплъу» зыфlища сурэтхэр.

Октябрь революцэмрэ граждан зауэмри художникым гупльитэшхуэ зыхуищl лъэхъэнэт. «1917 гъэр», «Лlыхъужьыгъэкlэ гъэнщlа щlалэгъуэ» зыфlища сурэтхэр абы триуэхуащ цlыхубэ насыпым щlэбзэнахэм.

Лъэхъэнэхэр зэподжэж, щlэблэхэр зэрощlэ, нэхъыжьхэр зыхужьежар нэхъыщlэхэм япэкlэ ягъэкlуатэ. Апхуэдэ гупсысэ хэлъу Жэмыфэр тотхьыкъ ди лъэхъэнэгъуэхэм. Ар къыщыгъэльэгъащ Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм и гуащlэрыпсэуэхэм ятеуха лжьыгъэ куэдым.

Зэрыщlыкlыгъэ Жэмыфэ Виктор фlыуэ илъагъурт губгъуэр. Абы и сурэтхэм тафэ инхэр уи нэгу къыщlатэрэ зыхуищl щlыпхъ дахащэу, зэщхьэ къэгъуэтыгъуейуэ абыхэм ylуагъалlэ. Дыгъэ гуащlэр зытепсэ тафэм къыщlихьащt гъуэзыр зэрыхъей нэгъунэ зэхуеугъащlэ.

Къалмыкым щыщ художник гуэрым жиlащ Жэмыфэм и сурэтхэм губгъуэмэ къакlэрихьу, хьунгъалlэмэ нэгъунэ къыщыпщlихьэу. Ауэ а щlыр зезыхьэхэращ абы и гуэлъытэ нэхъыщхьэр зыльитlэсыр. Ахэр цlыху лъэщу, къарууфlэу уеГъэльагъу. Ахэращ берычэтыр зи lэрыкlэхэр, губгъуэр зыхьыдэгъаГъэри, къызыдэщхьэльэри.

Щlым телэжьыхьхэм абы пщlэ лей яхуищlу зэрыщыгъар щынэрылъагъущ «Губгъуэм и тцыубэ», «Махуэ хуабэ», «Мэлыхьэуэм и сурэт», «Жэмыш», «Фермэр - пщыхьэщхьэу», «Колхозхэт цlыхубэ» сурэтхэми, нэгъуэщlхэми.

Губгъуэрысхэр егъэбжьыфlэ щlым хуаlэ пыщlэныгъэм, щlыр егъэбжьыфlэ а цlыхухэм я lуэхущlафэ дахэм, я лэжьыгъэм. Арат зэрегупсысыр художникыр. А гупсысэр хэлъщ гурыщlэ къабзэ къэзыгъэщlэнымкlэ зэрыщытам. Абы гъащlэм и екlуэкlыкlэр, зэманым къигъэув кьалэнэхэр тэмэму къыгурыlуэрт, и нэм къыlуидзэр, пэжыр и гуаззу, гупсысэ куукlэ иузэщlырт. Апхуэдэ гъуазджэкъэ дэ дызыхуейр?

Ялъ адыгэ тхакlуэ, Пушкин Александр и цlыхугъэфl Къазджэрий Султlан зэритхащи, «зэпэдмыщlыжу дунейм и щытыкlэр къэдгъэльэгъуэфу» щытын хуейц. Хэкум и дахагъыр гурэ псэкlэ зыгъафlэ сурэтыщlым плъыфэ хьэпэмэтхэр къыгъэуцуати, дунейм и теплъэгъуэ телъыджэхэр нэгум къыщlигъэувэрт, фlым дыхуигъэхъуапсэу, гурыщlэ нэхуэр ди гум къыщигъэуцу.

Жэмыфэм дагъэкlэ ищl лжьыгъэхэр (живопись) къаззрыщыхьым тетхъыхьащ критик, искусствовед, художникъ цlэрыlуэхэр. Урыс къэрал музейм нобэрей гъуэдзджэр къэхутэнымкlэ и къудамэм и унафэщl Боровский Александр жеlэ: «Жэмыфэ Виктор и гуащlэр щыхьэт тохъуэ сурэтыщlым и лжьыгъэхэм хуэфащэ гулъытэ зэрагъуэтым».

Адыгэ щlалэм ищlауэ Урыс къэрал музейм, УФ-м щэнхабзэмкlэ и министерствамрэ Художникхэм я союзымрэ зэхэту сурэт 51-рэ къащхэкуащ.

Петров-Водкин, Дейнекэ сымэ хуэдэу, Жэмыфэр дихьахыу щытащ теплъэ зиlэ сурэтхэр щыным. Ахэр зытеухъащ гурыlуэгъуафlэу, нэlурытхэу, плъыфэхэр я мащlэрэ гупсысэр ебжкlыу щытын хуейт. Ауэ сурэтыщlэ lэзэр, и зэфlэкlым хэхъуэрэ, 70 гъэхэм и lыхьатым и бзэм» хуэмеиж мэхъу. Пейзажхэм, натюрморт хэм зрет, Хэку зауэшхэм совет цlыхухэм щыззрахьа лъыхъужьыгъэр къегъэльагъэ.

Хэкур зыхъумэхэр зыгъэдзыжьащ Жэмыфэ къегъэльагъэ. Ялъ зэрыщыхьуар къегъэльагъэ. Цlыхубэ» зыфlица гъажьыгъэм. Мыбы плъыфэхэр щыззэщlожьыуэ, зэманыр бзаджэу зэрыщытар ягъэбелджьыны.

«Мылыр мэкъутэ. 1943 гъэ» сурэтри зауэ темэм пызыщlэщ. Блокадэм и мылыр гъатхэм икъутащ. Нэри пэри ихьу псышхуэ къыззэщыуар - дяпэкlэ зауэм къыщыхъуну зэхъуэкlыныгъэфхэрщ. Кlэи пэи имылэу къыпщохьу гъэр ящlа бий зауэлlхэм я сатыр кlыхьым. Къалэшхуэ зэхэкъутам, исэхжам къыщынаlуэ а цlыху цlыкlухэр, псэр щыщlэхьашэу, гущlыкlыгъэщ. Дунейкъутэжьи ирагъэкlыжьу. Дунейкъутэжьи зыщlэ. Ауэ щlэхьэ зэхащlыхьам зэрытекlуэджьыр, я lуэхущlафэм и гъэр зэрыхъужьыр Жэмыфэм lэзэу къингъэльэгъуащ. Псом хуэмыдэу абы къехъулlащ «Сэлэтхэр», «Цlыхум зыри щlагъупщэркъым», «Си адэм и фэеплъу» зыфlища сурэтхэр.

Октябрь революцэмрэ граждан зауэмри художникым гупльитэшхуэ зыхуищl лъэхъэнэт. «1917 гъэр», «Лlыхъужьыгъэкlэ гъэнщlа щlалэгъуэ» зыфlища сурэтхэр абы триуэхуащ цlыхубэ насыпым щlэбзэнахэм.

Лъэхъэнэхэр зэподжэж, щlэблэхэр зэрощlэ, нэхъыжьхэр зыхужьежар нэхъыщlэхэм япэкlэ ягъэкlуатэ. Апхуэдэ гупсысэ хэлъу Жэмыфэр тотхьыкъ ди лъэхъэнэгъуэхэм. Ар къыщыгъэльэгъащ Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ставрополь крайм и гуащlэрыпсэуэхэм ятеуха лжьыгъэ куэдым.

Зэрыщlыкlыгъэ Жэмыфэ Виктор фlыуэ илъагъурт губгъуэр. Абы и сурэтхэм тафэ инхэр уи нэгу къыщlатэрэ зыхуищl щlыпхъ дахащэу, зэщхьэ къэгъуэтыгъуейуэ абыхэм ylуагъалlэ. Дыгъэ гуащlэр зытепсэ тафэм къыщlихьащt гъуэзыр зэрыхъей нэгъунэ зэхуеугъащlэ.

Къалмыкым щыщ художник гуэрым жиlащ Жэмыфэм и сурэтхэм губгъуэмэ къакlэрихьу, хьунгъалlэмэ нэгъунэ къыщыпщlихьэу. Ауэ а щlыр зезыхьэхэращ абы и гуэлъытэ нэхъыщхьэр зыльитlэсыр. Ахэр цlыху лъэщу, къарууфlэу уеГъэльагъу. Ахэращ берычэтыр зи lэрыкlэхэр, губгъуэр зыхьыдэгъаГъэри, къызыдэщхьэльэри.

Щlым телэжьыхьхэм абы пщlэ лей яхуищl

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Сыхьэти 4-кІэ зэпсэлъа иужькІэ

СыткІэ лІыщхьэхэр зэрызэгурыІуэфар?

Иджы белджылы хъуакІэщ Урысеймрэ США-мрэ я унафэщІхэм къэралитІым я зэхущытыкІэхэр гъэтэмэныным хуэунэтІауэ апэ лъэбакъуэ зэрачар.

ХЕЛЬСИНКИ зы Іуэхушхэ гуэр зэрыпэплъэр нэрылъагъуэ зэІуцІэм щІидзэным ипэкІэ: Финляндием и щыхьэрым и уэрамхэм сэлэтхэмрэ полицейскэмрэ, къаІэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ дэзт, УФ-мрэ ЩІтат Зэгуэтхэмрэ я ныпхэр щІыпІэ-щІыпІэхэм щыдЖІэдзат.

АпэщІыкІэ Путин Владимир Трамп Дональд хуиГъэлъэгъуащ дунейпсо Іуэхухэмрэ къэралитІым я зэхущытыкІэхэмрэ тепсэлъыхьыну, иужькІэ ахэр зэрыраГъэфІэкІуэну Іэмалхэр къалъыхъуэну. Трамп Урысейм къехъуэхъуащ футболымкІэ дунейпсо чемпионатыр дахэу зэрыригъэжІуэкІамкІэ икІи ди щІалэхэр абы хъарзынэу зэрыхэтамкІэ. ИужькІэ занщІэу жиІащ къэралитІым я зэхущытыкІэхэр ирагъэфІэкІуэнымкІэ Іэмалхэр зэрыщыІэр.

УФ-мрэ США-мрэ я Іэтащхьэхэр я закъуэу зэпсэлъащ. ИужькІэ абыхэм ягухьащ делегацхэм хэтхэр. Сыхьэти 3-рэ дакъикъэ 50-кІэ екІуэкІа зэпсэлъэныгъэхэм кърикІуэхэм щыгъуазэ ящІащ журналистхэр.

Путиным и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, мы зэманым ди къэралхэм яку дэлъ ткІиягъым «лъабжьэ» иІэкъым. Дэ лъэныкъуэ куэдкІэ дызэдэлэжьэфырынщ». Абы къыхилъхьащ терроризмэм зэгъусэу пэщІэтыным, экономикэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыным елэжьыну гупхэр къызэрагъэпэщыну.

«Тхыдэм къриубыдэу ди зэхущытыкІэхэр иджыщ нэхъ Іей дыдэ щыхъуар, арщхьэкІэ псоми зихъэжащ сыхьэтиплым кърибыдэу», - жиІащ Трамп Дональд. Абы щІигъужащ Хельсинки щекІуэкІа зэІуцІэр гъэзэуанэ кІыхьым и пэщІэдзэ къудейуэ зэрыщытри.

Ар шэч зыхэмылъщ: илъэс зыкъомкІэ зэтрихьа Іэхухэр занщІэу пхузэфІэхынукъым. Лъэныкъуэхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, я Іэху епГыкІыхэр зэхуэсхуэрыкъым. Кърымыр зеин, Ираным зэрыхущытын хуейм екъэпІауэ. Апхуэдэу гурыІуэгъуэщ газыр Европэм щищынэу США-р Урысейм къызэреныкъуэкъунри. АрщхьэкІэ, нэхъыщхьэращи, зэгурыІуэну, зыхэхащІыкІыну зэрыхущІэкъуэр къызэрагъэлъэгъуар нэщэнэ хъарзынэщ.

Дауи, Урысейр 2016 гъэм США-м щекІуэкІа президент хэхыныгъэхэм «зэрыхэІэбари» гулъытэншэу къагъэнакъым. «Ар зэрыпщІыр американ судхэм сэтей ящІащ», - жиІащ Путин Владимир.

2013 гъэм Москва къыщыкІуэм щэхурылажьэ Іэхуущ Іапэхэм Трамп зыгъэкІэ гуэрхэр зэхуахьэса хуэдэу зэрагъэхьыбарым и гугъу щищым, Путин Владимир занщІэу пиупщІащ: «А делагъэр зыщцвягъэгъупщэ!» ИтІанэ щІигъужащ: «Трамп къыщыкІуам политикыу щытакъым, ар хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэ къудейт. Сэ ар сцІыхуртэкъым. Мис иджыблагъэ Санкт-Петербург щекІуэкІа форумым США-м къыкІа бизнесмен куэд хэтащ. АтІэ дэ ахэр тщІыхурэ?».

Пэжу, Путиным зиумысыжащ Трамп хэхыныгъэхэм щытекІуэныр, нэхъ къищтэу зэрыщытамкІэ. «Ди къэралым къызэрыхущытыр иригъэфІэкІуэну хуейуэ жызыІэ цІыхэр нэхъ уигу ирихьыну делагъэ?» - щІэупщІащ Путиныр.



● Австралие

Австралием и нэхъ къалэшхуэ Сидней *(нэхъапэм щыхьэру щытащ)* **тхыдэм и фэеплъэмрэ иджырей унэхэмкІэ къулейщ. БлэкІар уигу къегъэкІыж Таун-Холл ратушэм. Мы зэманым абы щолажьэ къалэ администрацэр. АрщхьэкІэ мыбы гъэпсыгъэныгъэ, щэнхабзэ Іуэху зэмылІэужьыныгъуэхэри щрагъэкІуэкІ.**

● Хьыбар гуапэ

Шыпш Тимур «Тамбов»-м и тренер нэхъыщхьэщ

Урысей Федерацэм футболымкІэ и апэ дивизионым щыпашэхэм ящыщ «Тамбов» командэм и тренер нэхъыщхьэу ягъэуващ ди пъаэхэгъу Шыпш Тимур.

2017 - 2018 гъэхэм екІуэкІа зэхьэзэхуэм тамбовдэсхэм апэ дивизионым епГланэ увыпІэр щафыдащ икІи премьер-лигэм хьыхьэну Іэмал гъуэзэджэ яІащ. АрщхьэкІэ Пермь и «Амкар»-м къыпикІуэтри, ар кьехъуІакъым. Абы иужькІэ трагъэкІащ я тренер нэхъыщхьэу щыта Талалаев Андрей. А къулыкъур зыхуагъэфащэ Исхаков Мурат нэхъапэм илъэс куэдкІэ Налшык и «Спартак»-м щыдЖэгуащ, ауэ тренер лицензэ иІэкъым. Арати, Шыпш Тимур пщэрылъ щащІащ «Тамбов»-м и тренер нэхъыщхьэу щытыну. Шыпшымрэ Исхаковымрэ я кІуачІэ а командэр премьер-лигэм хагъахьэну икІи иджыблагъэ щІэзыдза зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джагуГыуитІыи я Іэсэзнэхэр зэрыщытекІуэм гугъэфІхэр уегъэщІ.

Фигу къэдгъэкІыжыщи, Тимур 1970 гъэм Нарткъалэ къыщалъхуащ икІи а щІыпІэм топ джэгуным зыщыхуигъэсащ. И ныбжьыр илъэс тІощым иту Прохладнэ и «Ремонтник» (иужькІэ «Кавказкабель») командэм хыхьащ. КъыкІэльыкІуэ гъэм етІуанэ дивизионым хэт Бахъсэн и «Автозапчасть»-м ирагъэблагъащ. Мыгувэу гъуащхьэхъумэ Іэзэ щІалэщІэм гу къыльатащ икІи апэ лигэм зыкъыщызыгъэльагъуэ Налшык и «Спартак»-м хагъахьащ. Абы хэту Шыпш Тимур зэІущІи 194-м щыдЖэгуащ икІи топиплІ щыдигъэкІащ.

Топ джэгуныр 2001 гъэм щигъэта иужькІэ тренер ІащІагъэм хуеджащ икІи премьер-лигэм хэт командэхэр игъэсэну хуит къэзыщІ «А» категориер иІэщ. Илъэс зыбжанэкІэ ар щытащ премьер-лигэм щыдЖэгу «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу. ИужькІэ, командэм и Іуэхур щызэІыхьэм, тренер нэхъыщхьэ ящІащ. 2012 - 2014 гъэхэм абы и унафэм щІэту ди щІалэхэм апэ дивизионым увыпІэфІхэр щаубыдащ икІи премьер-лигэм хьыхьэн папщІэ зэпэщІэуэ зэІущІэхэм илъэситІ зэкІэлъхьэужьым хэтащ. Гуапэщ Тамбови ехъулІэныгъэфІхэр щиІэну.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Футбол

Бахъсэндэсхэр зи чэзу чемпионыгъэм хуокІуэ

Ди республикэм футболымкІэ и мыгъэрей чемпионатым и апэ къекІуэкІыгъэр иужащ. И хьэрхуэгъэгъу псоми куэдкІэ ящхьэщыкІауэ бжьыпэр иІыгъащ нэгъабрей зэхьэзэхуэм щытекІуа Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

ПСЫКУЭД щекІуэкІа зэІущІэр хуабжу удзэшхьэх хъуащ. Абы и щІыпІэ командэр хущІэкъуащ зи чэзу чемпионыгъэм ерыщу хэзкІуэ «Автозапчасть»-р къызэтригъэувыІэну. АрщхьэкІэ топ зэхъуажэм хьэщІэхэр щытекІуащ икІи, зы топкІэ нэхъыбэ дагъэкІри, очкоищыр яхьащ.

Бахъсэндэсхэм турнир таблицэм къащыкІэльеІэ «Илъэмейр»- Малкэ щыпхъэрэпащ. Абы хэтъэрейхэр бжьыгъэшхуэкІэ къащефІэкІащ, пашэхэм енэкъуэкъуну иджыри зэрыпасэр къыгурагъаІуэу.

Епланэу зэкІэльхьужьу текІуащ «Керт»-р. Къэхъюндэсхэм иджы хагъэщІащ и ГъунэгъуІ Нарткъалэ и «Нартыр».

ДжэгуГуэ блэкІам зэрыщытекІуам игъэшхуа «Шэрджэсыр» иджыри икІуэтакъым. Нартан къикІахэм абы зы очко къафихьыфащ. Иджы щэджэмдэсхэм иужь дыдэ увыпІэр «Бедик»-м дагъэш.

Гъуащхьэуэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Бэчбо Мурат. Ар зыхэт «Псыкуэдым» и зэхэзэхуэм якудгъэкІахэм я нэхъыбэр - 27-р - зи фІыгъэр аращ. Абы кІэщІу яужь къитщ мыгъэрей зэхьэзэхуэм 23-рэ къыхэжаныкІа ШащІэ Беслъэн («Малка»).

АдэкІэ фыщыщІэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и апэ къекІуэкІыгъуэм и иужьрей джэгуГуэм ирикІуа бжьыгъэхэм. *Мис ахэр:* **«Налшык»** (Налшык) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **5:1**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Іслъэмей»** (Ислъэмей) - **5:1**, **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **3:4**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:0**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Нартан»** (Нартан) - **1:1**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:1**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **4:1**.

Зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъэм бадзэуэгъуэм и 28-м щІидзэнущ. А махуэм зэІущІэнущ «Автозапчасть» - «Шэрджэс», «Малка» - «ХьэтІохъущыкъуей», «Налшык» - «Родник» командхэр. Бадзэуэгъуэм и 29-м зэдзэджэгунущ «Псыкуэд» - «Іслъэмей», «ЛогоВАЗ» - «Бедик», «Союз» - «Нарт», «Керт» - «Къундетей», «Тэрч» - «Нартан» гупхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Автозапчасть»**	15	13	1	1	60-14	40
2.	**«Іслъэмей»**	15	10	2	3	41-21	32
3.	**«Налшык»**	15	10	1	4	39-21	31
4.	«Тэрч»	15	9	2	4	30-21	29
5.	«Союз»	15	7	3	4	42-42	24
6.	«Малка»	15	7	2	6	41-34	23
7.	«ХьэтІохъущыкъуей»	15	7	2	6	31-33	23
8.	«Родник»	15	7	2	6	30-31	23
9.	«ЛогоВАЗ»	15	7	1	7	31-38	22
10.	«Псыкуэд»	15	7	1	7	50-50	22
11.	«Нартан»	15	6	2	7	26-35	20
12.	«Керт»	15	5	2	8	26-30	17
13.	«Нарт»	15	4	3	8	29-35	15
14.	**«Къундетей»**	15	3	2	10	28-43	11
15.	**«Бедик»**	15	2	1	12	27-55	7
16.	**«Шэрджэс»**	15	2	1	12	12-40	7

● Улахуэхэр

Нэхъыбэрэ мэлажьэ - нэхъ мащІэ къалэжь

Президент хэхыныгъэхэм я ужькІэ газетхэр нэхъыбэрэ тепсэлъыхь хъуащ ди псэукІэм, абы хэлъ гугъуехьхэм.

ПСОРИ къыщежьэр улахуэхэр зэрыцІыкІурщ. Зэпэфлъытыт: Урысейм дунейм етхуанэ увыпІэр щиІыгъщ лэжьыгъэшхуэ щызэфІаГъэкІ къэралхэм ягъэльэгъуэ я деж, арщхьэкІэ улахуэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ пхыхуа дыдэхэм ящыщщ. Экономикэ зэдзлэжьныгъэмрэ зыужьыныгъэмкІэ зэгухьэныгъэм иригъэкІуэна къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкІэ, зы сыхьэтым пэкІуэ лжьаПщІэмкІэ Урысейр зи Іуэхуэхэр фІы къэралхэм куэдкІэ къакІэроху: псалъэм и хьэтыркІэ, Франджым ар доллар 11,2-рэ, Германием доллари 10,3-рэ щыхъумэ, ди деж здыщынэсыр доллар 1,3-рэ къудейщ. Хьэдэгъуэдахэщ! Абы щыгъуэми, ди Іэжьакъуэхэр хуабжу гугъу йохь, зыпэрыт техникэр тІорысэ, уеблэмэ, зэманым къемызэгъыж зэрыхъуам къыхэкІыу.

ЩІхьэусыгъуэхэр нэрылъагъущ, зэрыжаІэщи, тафэм тельщ. Нэхъапэм Урысейм ящащыгурыІуэу щытащ цІыхухэмрэ ахэр зэрылажьэ Іэмэпсымэхэмрэ ехьэлІауэ ахъшэ уеблэ зэрымыхъунур. Иджы а тІури я фейдэ хэхьапІэу ягъэуващ мыпхъу зыбгъэдэлъхэм: Іэмал зэриІэкІэ, нэхъ мащІэ тегъэкІуэдэн, нэхъыбэ къыпихьи. Абы щыгъуэми, улахуэхэр езыхэр зэрыхуейуэ лжьакІуэхэм ират, зы пщалъэ гуэри щІэзекъым. Къэтщтэнщи, США-м зы лжьэгъуэ сыхьэтым пэкІуэр (цІыхур сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымытми) доллари 7,2-м и кІэ къихуэ щыхъунукъым - хуэдэхэмкІэ щІагъэнэнущ, суд тращІыхьынущ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ищхьэкІэ сыт хуэдизкІи дэІэбей хьунущ.

КъыщыхэмыщІауэ, къэралым сыт и лъэныкъуэкІи закъыщІегъакъуэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, гъавэ зэщІыхьэ щІэтщэрхэмрэ жылапхъэхэмрэ пудыбзэу яІэрохьэ. Аращ ди деж щагъэкІахэм нэхъ я абыхэм къыщрахьэлІэхэр куэдкІэ щІэнэхъ пудыр. Пэжщ, Къухьэпіэм къыдищІыпла санкцэхэм яужькІэ мы Іуэхум зэхъуэкІыныгъэ гуэркэр нэхъыфІи и лъэныкъуэкІэ ягъэтащ. АрщхьэкІэ уасэхэр зэрыдэуейм игъэбаурэкъым. Иджыблагъэ гъэсыныгъэхэр нэхъ лъапІэ зэрыхъуар ди нэгу щІэкІащ. Аращи, гъавэ килограммыр зы сомсомитКІэ нэхъ лъапІэу ящэми, фейдэр гъэсыныгъэм ихьыкІынущ.

Промышленостми апхуэдэ дыдэ щытыкІэ щыщыІэщ: лъэщапІэхэм цІыхухэр щагъэлажьэ мэхъу махуэм жэщри къыщыдэкІуэ щыІэу. Мис абыкІэ къыштлъэщІыхьэ щІагъуэ дунейм теткъым: аргуэру къэтщтэнщи, 2017 гъэм Франджым зы цІыхур сыхьэт 1514-кІэ щылэжьаиэ, ди деж а бжьыгъэр 1980-м щынэсащ. Ауэ ар уцІызыщІытхъуэ мыхъунщ.

Дунейпсо мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр зыунэтІыр, дауи, къэралыр унафэщІхэрщ. АрщхьэкІэ нэгъуэщІхэм, псалъэм и хьэтыркІэ, тІасхъэщІэхэм, абыхэм халэжьыхьыр щынэхъыбэж кьохъу. Пэжщ, ар наІуэ къыщыхъур илъэс куэд дэкІа, уеблэмэ, езыхэр щымыпсэужым дежщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ «Война и Отечество» журналым къытридза тхыгъэр абы и лъэныкъуэкІэ тельыдэж тщыхъэщ: къызэрыщІэкІымкІэ, ядернэ зауэ къызэрымыхъеям куэдкІэ зы цІыхум (!) и фІыгъэ хэльщ.

1914 гъэм къалъхуа Феклисов Александр рабфакым щеджащ, иужькІэ связькІэ инженерхэр щрагъаджэ институтыр Москва хъарзынэу къыщиухауэ, имыщІэхъэу, Лубянкэм ирагъэблагъащ икІи тІасхъэщІэхъуэ лэжьэну къыхуагъэлъэгъуащ.

- Сэ зы хамэ хэралыбзэ гуэри сщІэркъым, дауэ тІасхъэщІэх къызэрысхэкІынур, - игъэщІэгъуащ щІалэм.

- Абы щыхьэкІэ умыгузавэ, - къыжраІащ. - Нэхъыщхьэр уэ радио Іуэхум фІыуэ зэрыхэпщІыкІырщ. Адрейхэр зэбгъэщІэнщ.

Феклисовыр еджаПІэ щхьэхуэ ягъэкІыащ. Езым зэрыжилъэжамкІэ, школым щеджэхэр зэрыхъур цІыхуи 10 къудейт, ахэри гупищу гуэшауэ. Инджылызыбзэмрэ испаныбзэмрэ куууэ зэрырагъэджьыкъыдэкІуэу, езымрэ нэгъуэщІитІымрэ США-м, Канадэм, Мексикэм, Патин Америкэм щыщ къэралхэм я щыІэкІэпсэукІэм щыгъуазэ ящІырт, тІасхъэщІэх лэжьыгъэм и щхьэхэм хуагъасэрт. Жэщми махуэми еджэрт, а школ дыдэми сыхьэт зыгъэкІэ щагъэжейрт, ауэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм яутІыпщыт, здэщыщІэр я Іыхьлыхэм жрамыІэну ткІийуэ хуагъэзыфІыну. Хамэ щІыналъэхэм щызекІуэ щыгъын къекІуэкъмкІэ яхуэпэрт, улахуэзышхуэ ящІрыхьэрт.

Феклисовыр Нью-Йорк къыщыхутащ 1941 гъэм и мазаем. Мыгувэу лэжьыгъэм хэзэгъащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, США-м къыщагупсыса авиацэ пулемёт щІэрпысым и щапхъэр СССР-м къэзыгъэсахэм яхэтащ.

1943 гъэм США-м щрагъэжащ «Манхэттен проект» цІэрыІуэр (атом Іэщэ зэгъэпэщыныр) икІи Феклисовырщ «атом бомбэм и адзу» къалъытэ Оппенгеймер Робберт зыпызыщІар. Абы и фІыгъэкІэ иужьрейм проектым хишащ СССР-м къыхуэпэжьэну арэзы хъуа еджагъэшхуэхэр. Абыхэм къаБгъэдэкІа хъыбархэм СССР-м Іэмал ЫратащІ езым и атом Іэщэ ищІыну. Ауэ ар къыщыхъуар иужькІэщ. 1945 гъэм США-м и президент Рузвельт Франклин ІІІа икІи ЕтІуанэ дунейпсо зауэр иуха иужь американ къэзырылажьэ ІэнатІэхэм хуабжьу къалъыхъуэу щІадзащ совет тІасхъэщІэхэр. Абы къыхэкІыу Штат Зэгуэтхэм кърашыжащ псом хуэмыдэу щэч къызыхуащІа Феклисовыр.

1955 гъэм Феклисовыр КГБ-м и Япэ управленэ нэхъыщхьэм и американ къудамэм и унафэщІу яІэгъуащ.

США-мрэ СССР-мрэ я зэхущытыкІэхэр псынщІэу зэрыкъхьэрт. А къэралыбзэ Совет Союзым и ныкъэзкъуэгъу нэхъыщхьэ хъуари. Арати, Феклисовыр США-м ягъэкІащ совет тІасхъэщІэхэм я лэжьыгъэр зэригъэкІуэн папщІэ. 1960 гъэр екІуэкІыр. «Карибэ кризисыр» къэблагъэт. Ар щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІащ.

1954 гъэм НАТО-м хьыхащІыркъуэ. 1960 гъэхэм абы и щІыналъэм ирагъэуващ дакъикъипщІ хуэдизкІэ СССР-м и европей къалэхэм къалъэІэсыфыну американ ядернэ ракетэхэр. СССР-м апхуэдэ базэхэр иІэтэкъым.

1959 гъэм Кубэм властыр щыІэрыхьащ Кастрэ Фидель. Псом япэу абы национализацэ ищІащ американ цІыхухэм я мылъкыу щыт ІуэхущІапІэ псори. Абы и жэуапу: США-м ищхьэн идэжакъым ХьатІыгу ЩхьэхуитыМ иришу щыта фошыгъуэмрэ тутынымрэ. АрщхьэкІэ Москва утыкум кьринэ хъунутэкъым социализмэм и Гъэугум техьа къэралыр. Совет флотымкІэ Европэм къашэу щІадзащ абы и фошыгъумрэ тутынымрэ.

1961 гъэм американхэм курыт жьжьагъэкІэ (километр мини 2-рэ 400-кІэ) ядернэ Іэщэхэр зыхьыф ракетэхэр Тыркум и щІыналъэм ирагъэува иужь (ахэр псынщІэ дыдэу Москвам, Урысейм и нэгъуэщІ европей къэралхэми нэсыфынут) Хрущёв Никитэ Кастрэ гурыІуащ Клэвэн и щІыналъэм апхуэдэ дыдэ совет ракетэхэр щигъэувыну.

США-м ар игу техуакъым. ЛъэныкъуитІми щІадзащ зэхуэдалъэу икІи икІуэтыни я мурадтекъым. МафІэр сыт хуэдэ дакъикъэми къэлыдынкІэ хъунут. США-м ядернэ Іэщэ нэхъыбэ иІэт, ауэ абы и президент Кеннеди Джон фІы дыдэу кьыгурыІуэрт езым и къэралым и къуэкІыпІэ Іуфэр хьэбсабэ зэрыхъунур. Арат зэкІэ зэтезыІыгъэр.

Феклисовым и цІыхугъэт тележурналист цІэрыІуэ Скали Джон, США-м и президентым и къуэш Роберт (а зэманым юстицэмкІэ министрым)

ПІлІанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Ар зэрыщытар

Ещанэ дунейпсо зауэр къызэрымыхъеяр зи фІыгъэ цІыхур

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапэхэм ядэлэжьэныкъмкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныгъэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокьуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, ІэщІэныджэ Заминэ, ЩхьэщэмышцІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нат.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нат.), корректорхэм я дзэныкъуэкъу* **Нэуэкокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Дол Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.173 ● Заказ №755